# Ирон æвзаджы тъест

**Бафæрсут текст:**

**Нарты кадджытæ**
**Уархæр æмæ йæ фырттæ**

Нартæн уæд сæ хистæр Уæрхæг уыдис.

Уæрхæгæн райгуырдис дыууæ лæппуйы, фаззаттæ. Иу дзы райгуырдис фыцаг кæркуасаны, иннæ та райгуырдис дыккаг каркуасаны, бонвæрноны скастмæ.

Рухс хуры тынтæ ныккастис Уæрхæгмæ, базыдта, хъæбул куыд аджын у, уый. Уæрхæг йæ лæппуты райгуырды боны фарнæн скодта нартон куывд сырды фыдæй. Æрхуыдта уæларвæй Куырдалæгоны, фуртæй – донбеттыры, Нартæй та – Борайы æмæ æндæрты.

Уæрхæджы уарзон лæппутыл буц нæмттæ сæвæрдта уæларв Куырдалæгон: хистæрыл – Ахсар, кæстæрыл – Ахсæртæг...

Уæрхæджы хуынд уæзджытæ иннæбонæй-иннæбонмæ минас фæкодтой, стæй уæд фæфардæг сты: Куыдалæгон абадтис цæхæр уады хъисыл æмæ ныппæррæст лæста уæларвмæ, хæдтæхгæ Пакъуындзæйау, Донбеттыр та фестадис аргъæуон цæхæр кæсаг æмæ ныцъыллингкодта стыр фурды бынмæ. Нарт дæр фæфардæг сты хæтæны, старонтæу.

Уайтагъд айрæзтысты Ахсар æмæ Ахсæртæг: бон рæзтысты уылынг, æхсæв та – уыдисн. Фæлæ тынг фыдуаг рацыдысты.

Айхъуысти дунейыл, зæгъгæ, Нарты Уæрхæгæн рахъомыл и хъæбатыр фырттæ, фаззæттæ – Ахсар æмæ Ахсæртæг. Ахсар æмæ Ахсæртæг та цæмæн хуындысты? уымæн, æмæ Ахсар, хистæр æфсымæр, уыд Ахсарджын, Ахсæртæг та, кæстæр æфсымæр – Ахсарæй Ахсарджындæр.

(2) **1. Ссарут раст дзуапп:**

*Кæцы жанры уæцмысмæ хауы Нарты Кадджытæ?*

а) легендамæ.

б) эпосмæ.

в) радзырдмæ.

(2) **2. Ссарут раст дзуапп:**

*Кæйты æрхуыдта куывдмæ Уæрхæг?*

.................................................................................................................................................................................................

.................................................................................................................................................................................................

(2) **3. Ссарут раст дзуапп:**

*Цы нæмттæ сыл сывæрдтой фаззæттыл?*

.................................................................................................................................................................................................

.................................................................................................................................................................................................

**Бафæрсут текст:**

**Стæйы цармдарæг**
**Автандилы Ныстуан Ростеван Паддзахмæ**

Зонын дзурдзынæ фæстагмæ, – раст кæй бакодта дæ кæстæр,
Йе, рхорд, йе, мгарыл йæ зæрдæ зондцух сивдзанис æрмæсдæр
Паддзах, бауæндон, – загъон дын зонджын Платоны ныхæстæ:
„Сайд ми, гæдзрахатæн уынгæй удмæ бахъары сæ хъæстæ.“ ...
Никуы ничи мæ бабынис йе рхорд,йе мгары уарзынæй;
Дæлдзæх – сайæгой, – чи хизы хи йæ хæлары карз зынæй!
Нæ, мæ ныфсæнхъæл бæрæгыл æз мæ уды бон хъæрдзынæн;
Тагъд ам хурхæтæн тар хъæдмæ ме стыр балцвæндагДардзынæн.

(2) **4. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи у автор ацы поэмайы?*

а) Дзугаты Георги.
б) Шота Руставели.
в) Илья Чавчавадзе.

(4) **5.** *Ссарут æмæ рафыссут ацы тексты дыууæдæр афоризм:*

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

**Бафæрсут текст:**

**Марды уæлхъус**

Фæндараст!.. Фервазтæ нæ мæтæй, –
Хуыцæуы мацæмæйуал дом! –
Марды дын хай уыдзæн дзæнæтæй,
Уæлæуыл баззайдзæн дæ ном.

Лаппуйæ базæрондмæ цардтæ
Масджынæй адæмы мæстæй,
Æхсæв цырæгъдарæй фæхаттæ
Хæларæй, уарзонæй, рæстæй...
Дæ мадау бауарзтай нæ бæстæ,
Фæцыдтæ мæгуыртæн фыййау...
Цæмæй дын фиддзыстæм дæ хæрзтæ,
Цæмæй дын ратдзыстæм æгъдæй?!
Фыдæй фыртмæ нæ уд,нæ зæрдæ
Дæ рухсæн хъæрдзыстæм, бæргæ,
Фæлæ та сагъæссаг нæ сæртæ,
Дæ фæстæ чи баззад, кæугæ!..

(2) **6. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи у автор ацы æмдзæвгæйы?*

а) Бесаты Тазе.
б) Гæдиаты Секъа.
в) Хетæгкаты Къоста.

(2) **7. Ссарут раст дзуапп:**

*Кæй ном æссардта поэт ацы æмдзæвгæйæ?*

а) Михаил Кипиани.
б) Александер Хъазбег.
в) Гæдиаты Цомахъ.

## Бафæрсут текст:

### Бузныг, адæм!

...Ныфсы лæг кæд нæ рацыди мæнæй,
Уæддæр мæ уд, дæ уды хсырæй хъомыл,
Дæуау фыдвæнд æмæ фыдватк нæ бары,
Цæгъæры ном нæ бафдзæни мæ номыл,
Лæджы бæрзонд ном сарæхдзынæн дарын,
Мæ хорз – дæуæй, мæ цауды дæ азым нæй,
Адæм, бузныг!
Ныфсы лæг кæд нæ рацыдис мæнæй,
Уæддæр нæ дæн дыдзæсгом æмæ стыгъаг, –
Æхсæрдзæнау дæм рухсдзыдæй арцыдтæн.
Дывæлдæх уд... Фæлтау нысхоин тигъæй
Мæхи,фæхауин сау къæйтыл фæрчытæ!
Мæ хорз – дæуæй,мæ цауды дæ азым нæй!
Адæм, бузныг!

## Дзуапп раттут аццы фарстатæн:

(2) **8.** *Чи у автор ацы æмдзæвгæйы?*

а) Беджызаты Чермен.
б) Гæбæраты Фаризæт.
в) Джусойты Нафи.

(2) **9.** *Цæуыл у ацы æмдзæвгæ?*

а) фæсмондзинадыл.
б) хæрзиуæгдзинадыл.
в) уарзондзинадыл.

(2) **10. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Абайты Васо?*

а) хъæбатыр.
б) лингвист.
в) депутат.

(2) **11. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Джусойты Нафи?*

а) финансист.
б) академик.
в) драматург.

(2) **12. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Тугъанты Махарбег?*

а) нывгæнæг.
б) ахуыргæнæг.
в) генерал.

(2) **13. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Галаев Борис?*

а) спортцмен.

б) композитор.

в) дохтыр.

(2) **14. Ссарут раст дзуапп:**

*Цас дамгъæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 50.

б) 39.

в) 43.

(2) **15. Ссарут раст дзуапп:**

*Цас хъæласон дамгъæтæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 15.

б) 6.

в) 7.

(2) **16. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

худын —..............................

(2) **17. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

бадын —..............................

(2) **18. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

дард —.................................

(2) **19. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

мæллæг —...........................

(2) **20. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

уазал —................................

(2) **21. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

бæрзонд —..........................

(2) **22. Кацы ныхас у ивгъуыд рæстæджы?**

ды
а) зарыс.
б) зардзынæ.
в) зарыттæ.

(2) **23. Кацы ныхас у нырыккон рæстæджы?**

æз
а) уарзын.
б) уарзтон.
в) уарздзынæн.

(2) **24. Кацы ныхас у Суинаг рæстæджы?**

уый
а) тулы.
б) тулдзæнис.
в) тылдис.

(2) **25. Кацы у раст дзуапп?**

тæрсын — а) ды. б) æз. в) уый.

(2) **26. Кацы у раст дзуапп?**

Аджын у — а) мыд. б) царв. в) дзыкка.

(2) **27. Кацы у раст дзуапп?**

сывæллон — а) кувы. б) хъазы. в) фæрсы.

(2) **28. Кацы у раст дзуапп?**

уыдон — а) зарыдысты. б) зарæм. в) зардзыстæм.

(2) **29. Кацы у раст дзуапп?**

Адæм дзуары — а) кувынц. б) кафынц. в) фыссынц.

(2) **30. Кацы у раст дзуапп?**

мит
а) уары.
б) кæлы.
в) æгъзæлы.

(2) **31. Кацы у раст дзуапп?**

Цъиутæ
а) лидзынц.
б) тæхынц.
в) тулынц.

**Адих кæнут дзырдтæ уæнгтыл:**

(2) **32.** зарыдысты ……………………………………

(2) **33.** ныхмæвæрд ……………………………………

(2) **34.** цæхæрæдон ……………………………………